

Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY POU PREZÈVASYON ISTORIK ETA A REKÒMANDE 14 NOMINASYON POU REJIS LYE ISTORIK ETA AK NASYONAL YO**

***New York ap kontinye mennen nan rekonèt listwa divès***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) rekòmande pou yo ajoute 14 pwopriyete, resous ak distrik nan Rejis Lye Istorik Eta ak Nasyonal yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon yo reflekte divèsite frapan ki genyen nan listwa Eta New York.

"Sit chaje istwa sa yo reprezante pati eksepsyonèl ak enteresan nan listwa rich ak divès New York la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Lè n ajoute pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta ak Nasyonal yo, sa t ap garanti yo gen finansman yo bezwen an pou nou kapab pwoteje, prezève yo epi fè reklam pou yo nan tout esplandè yo pou jenerasyon Nouyokè prezan af fiti yo."

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye jan eta a sèvi avèk kredi enpo reyabilitasyon yo an 2013, pwogram eta ak federal la te favorize investisman konplè plizyè milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo ak plizyè dizèn milyon dola nan kay istorik kote mèt kay yo rete.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding, estrikti ak sit istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite yo ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te pwopoze nominasyon yo.

**Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te deklare**, "Lè nou prezève ak revitalize lye istorik nou yo, nou ka ankouraje kwasans ekonomik entelijan, touris, ak fyète kominotè. Biwo nou an pa ka tann pou travay avèk moun k ap okipe kote sa yo pou revitalize epi fè nouvo jenerasyon yo nan New York konnen yo".

Lè fonksyonè prezèvasyon istorik eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apre sa y ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote y ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y ap antre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak

foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

## **Rejyon Kapital**

Glenco Mills Methodist Chapel, Livingston - Bati an 1869, konstriksyon chapèl la te jwenn finansman nan men Isaac Shaurman, yon natif natal Livingston ki te retounen lakay li apre yon karyè reyisi nan Vil New York; li te bay lajan pou legliz la pou garanti manm kominote a te gen yon kote pou pratike relijyon yo.

Washington Avenue Corridor Historic District, Albany - Kòm youn nan atè prensipal ki pi enpòtan yo nan Albany, distrik la fyè posede anpil enstitisyon piblik enpòtan ak yon koleksyon konplè bilding ki gen pifò estil ak tandans achitekti nasyonal enpòtan ki te genyen depi nan kòmansman 19yèm syèk la rive nan twazyèm ka 20yèm syèk la, sa ki bay yon peyizaj lari lavil divès ak espektakilè ou pa jwenn ankenn lòt kote nan vil la.

## **Finger Lakes**

Clyde Downtown Historic District, Clyde -- Distrik la se yon melanj katye komèsyal ak rezidansyèl ki nan vwazinaj imedya Pak Washington Square istorik la. Etabli an 1820, pak la te vin sant vilaj la, avèk kwasans komèsyal ant pak la ak Erie Canal a sou bò lwès ak ri rezidansyèl sou bò lès.

Polvino Building, Rochester - Yo te bati bilding nan an 1925 pandan anpil biznis ki te pou Italyen t ap ouvè nan ti boutik nan bilding pou izaj miltip bò Central Park. Se la ou te jwenn Konpayi Central Park Furniture Company imigran italyen Anthony Polvino a, epitou antrepriz finere neve li an.

The Park Avenue Historic District, Rochester - Bann pwopriyete ki gen enpòtans istorik yo ki date depi nan finisman 19yèm rive nan kòmansman 20yèm syèk yo reprezante yon gwo pwen chanjman pou Rochester, amezi vil la t ap agrandi epi rezidan wot boujwazi yo te kòmanse kite santrevil la epi etabli nouvo katye nan fobou li yo.

## **Mohawk Valley**

Danascara Place, Tribes Hill - Yo te bati pòsyon pi ansyen kay la nan zòn 1795 pou ansyen konbatan Gè Revolisyonè a Kolonèl Frederick Visscher. Nan zòn 1870 pitit-pitit-pitit-pitit Visscher, Alfred DeGraff, te transfòme fèm senp an brik la an yon gran abitasyon avèk estil italyen ak lòt eleman estil.

Amsterdam Free Library, Amsterdam - Bibliyotèk estil boza nouvo klasik la te ouvè an 1903 pandan yon peryòd pwosperite ki te mennen nesosite pou yon pi gran bibliyotèk ki t ap sèvi popilasyon deplizanpli gran Amsterdam lan. Se te yon konsepsyon gran achitèk Albany an Albert W. Fuller.

Rutherford House, Edmeston - Yo te bati gran rezidans avèk chapant an bwa a nan zòn 1868 pou Dtè. William M. Spencer, yon doktè medsin ak sipèvizè minisipal, epi pi ta li te jwenn siksè komèsyal kòm yon otèl lokal popilè pou kominote a, sitou moun ki t ap pran

chemennfè pou travèse zòn nan ant 1889 ak 1910. Li se yon egzanp entak estil italyen an.

### **Mid-Hudson**

Richard Pousette-Dart House & Studio, Suffern - Bilding lan te sèvi kòm kay ak atelye Pousette-Dart, youn nan pyònye yo nan penti ekspresyonis abstrè mitan syèk la, ant 1959 ak 1992. Li te bati pou premye fwa nan zòn 1916 kòm garaj pou bogi nan Valley Head Farm, yon gran pwopriyete andeyò.

### **Southern Tier**

First Presbyterian Church of Deposit - Bati an 1880, legliz la se te yon konsepsyon achitèk Lawrence B. Valk (1838-1924) ki te soti Vil New York, epi ki te yon konseptè legliz pwotestan enpòtan ki te espesyalize nan legliz ki te gen plan oditoryòm - ki gen ladan plan ouvè, ban koube, koridò an fòm reyon, ak atè an pant pou minimize distans la ant kongregasyon an ak predikatè a.

First Presbyterian Church of Watkins Glen - Legliz nan estil nouvo woman an te fini an 1868, lè Watkins Glen t ap pwospere kòm syèj konte a, yon sant transpò, ak yon destinasyon pou touris ki te fyè gen youn nan gòj ak kaskad ki pi espektakilè nan rejyon an.

### **Rejyon Lwès New York**

Schaefer & Brother Malt House, Buffalo - Izin preparasyon malt la ak ti asansè pou sereyal li an te bati an 1880 epi te fonksyone kòm brasri jiska 1919. Apre sa yo te vann bilding lan bay Reed Chocolate Company, ke Merckens Chocolate Company te achte an 1921 epi ki te kontinye ap fonksyone jiska 1951.

St. Matthias Episcopal Church Complex, East Aurora - Legliz episkopal angle nouvo gotik ane 1928 la se yon egzanp entak achitekti nouvo gotik la ki baze sou legliz pawasyal nan zòn andeyò yo nan Langletè. Li refleto listwa ak kwasans pawas la nan kominote a pandan tout 20yèm syèk la.

Boarding House at 72-74 Sycamore Street, Buffalo - Sanble youn nan kèk bilding anvan Gè Sivil la ki rete nan vil la te bati kòm de abitasyon parèy tache ansanm pou yon koutizàn lokal notab ki te rele Eliza Quirk, epi ki te gen ti non 'Irish Lize,' an 1848. Yo kwè nan kòmansman li te sèvi kòm bòdèl sou yon bò epi kòm pwopriyete pou lwe sou lòt bò a. Li te kontinye sèvi kòm pansyon jiska mitan 20yèm syèk la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)